



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SELEKSYON FINALIS NAN KONPETISYON PRI TEKNOLOJI EMPIRE

Ekip seleksyone yo pral fè patenarya ak konpayi byen imobilye prensipal yo pou fè pwogrese solisyon ki gen emisyon kabòn ki fèb yo pou chofaj bilding wo yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sèt finalis nan Pri Teknoloji Empire ki se 10 milyon dola, yon opòtinite konpetitif pou founisè solisyon mondyal yo [ki te lanse](#) oktòb pase a pou fè pwogrese teknoloji bilding yo pou modènizasyon sistèm chofaj ki gen emisyon kabòn ki fèb nan bilding komèsyal wo yo ak bilding plizyè fanmi nan Eta New York. [The Clean Fight](#), yon akseleratè teknoloji klimatik, ki administre inisyativ la nan non Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), pral ede kounye a mete finalis yo an relasyon ak pwopriyetè prensipal pòtfèy byen imobilye nan New York ki enterese nan diskisyon sou opòtinite pilòt ak demonstrasyon pou solisyon yo pwopoze nan New York.

"New York ap avanse dènye teknoloji ak inovasyon yo pou diminye emisyon yo epi konstwi bilding ki pi pwòp ak ki pi vèt," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya ak lidèchip pwopriyetè byen imobilye se kle pou avansman bilding ki rezistan epi mwen felisite angajman yo nan teste solisyon yo pandan n ap travay pou redwi emisyon danjere yo ak lite kont chanjman klimatik."

Anons jodi a te fèt nan yon evènman ki te òganize nan bilding biwo PENN 2 Vornado nan Manhattan pou prezante finalis yo epi diskite sou solisyon yo pou sistèm chofaj ak distribisyon ki gen emisyon kabòn ki fèb nan bilding rezidansyèl ak komèsyal wo yo. Finalis yo gen pou devwa pou devlope yon pwototip sistèm chofaj oswa distribisyon ki teste epi ki totalman fonksyonèl ki ka enstale yon fason ki pa deplase okipan yo epi ki mache ak enfrastrukt ki te deja la yo nan bilding sèt etaj yo oswa pi wo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Redwi emisyon nan sektè bilding yo pral posib sèlman avèk entèlijans ak inovasyon teknolojik, ki se sant Konpetisyon Pri Teknoloji Empire a. NYSERDA felisite sèt finalis yo ki pral pwogrese kounye nan solisyon modènizasyon ki gen emisyon kabòn ki fèb yo nan mache Eta New York la ak potansyèl pou yo make endistri a ak anprent yo atravè demonstrasyon sa yo."

Yo espere solisyon yo louvri nouvo chemen dekarbonizasyon pou bilding wo pou plizyè fanmi ak bilding komèsyal nan New York yo epi ki gen ladan ponp a chalè avèk vapè ak dlo cho ak tanperati ki wo ki eksplwate alafwa sous chalè lè ak dlo, yon varyete refrijeran ki gen Potansyèl pou Rechofman Global (Global Warming Potential, GWP) ki ba pou lavni, ak yon solisyon distribisyon ki pèmèt adopsyon ponp a chalè tanperati ki gen tanperati ba ki egziste deja.

Finalis yo chwazi yo, ki soti New York ak Nòvèj e ki gen ladan jèn konpayi yo ansanm ak fabrikan ekipman orijin miltinasyonal etabli yo se:

- **Ambient Enterprises, Flow Environmental Systems ak Gil-Bar Industries (Ponp a chalè pou dlo cho tanperati ki wo (High temperature hot water heat pump, HTHW HP) ki sèvi avèk sous chalè lè oswa dlo):** Baze nan New York ak Minnesota, ekip la te prezante yon solisyon dlo cho tanperati ki wo ki ka atenn jiska 180 °F ak yon refrijeran natirèl (CO2). Li bay fonksyon chofaj ak refwadisman, dlo cho sanitè, ak kapasite similtane pou pèfòmans efikas, fleksib. Ekip la te montre yon fason pwoaktif angajman pou mache New York la atravè aplikasyon konjwent li ak Flow Environmental Systems (Fabrikan) ak Gil-Bar (Founisè Solisyon).
- **AtmosZero (HP ak vapè ki sèvi avèk sous chalè dlo oswa lè):** Baze nan Fort Collins, Kolorado, AtmosZero prezante yon ponp chalè a vapè ki itilize yon sik kaskad pou pwodui vapè epi ki ka pwodui vapè presyon ki ba rive mwayen lè l sèvi avèk refrijeran GWP ki ba. Yo te demontre teknoloji a pou aplikasyon vapè endistriyèl nan yon brasri nan Colorado.
- **Clean Heat Technologies (HP vapè ki sèvi avèk sous chalè dlo):** Baze nan Pittsburgh, Pennsylvania, Clean Heat Technologies se yon divizyon Thar Energy, ki gen plis pase 30 ane eksperyans nan devlope konpozan ak sistèm ki sèvi avèk CO2. Clean Heat Technologies prezante yon ponp chalè a vapè inovan ki itilize refrijeran natirèl sa a epi ekip la te devlope sis pwototip jiska dat.
- **ENERIN AS (vapè ak HTHW HP ki sèvi avèk sous chalè lè oswa dlo):** Baze nan Lysaker, Nòvèj, ENERIN gen plis pase 100 ane eksperyans ak diferan solisyon ponp chalè. Ponp chalè ENERIN nan ka pwodui alafwa vapè ak dlo cho tanperati ki wo, lè l sèvi avèk yon refrijeran natirèl (Elyòm). Teknoloji a gen kliyan ki deja la ak pwojè pilòt nan sektè endistriyèl yo, ansanm ak yon pwototip pou chofaj espas yo.
- **Hydronic Shell Technologies ak Cycle Retrotech (solisyon distribisyon):** Baze nan Long Island City, New York, solisyon distribisyon sa a enkòpore yon sistèm distribisyon HVAC konplè nan yon fasad modilè ki ka enstale rapidman, ak mwens kou epi yon fason ki pa anvayi aleksteryè yon bilding ki egziste deja, ak yon pwosesis ki entegre fabrikasyon atravè konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon ak antretyen. Konpayi an ap travay sou yon pwojè pilòt solisyon li nan Syracuse.
- **Johnson Controls (JCI) (vapè ak HTHW HP ki sèvi avèk sous chalè dlo):** Baze nan Milwaukee, Wisconsin, solisyon JCI a itilize yon sik kaskad, konpresè santrifij, ak teknoloji rekonpresyon vapè mekanik (mechanical vapor

recompression technology, MVR) kòm yon pwosesis rekiperasyon enèji ki ka itilize pou resikle chalè ki pèdi pou amelyore efikasite epi ofri refwadisman kòm yon avantaj oksilyè.

- **Miller Proctor Nickolas (MPN) (vapè ak HTHW HP ki sèvi avèk sous chalè dlo):** Baze nan Sleepy Hollow, New York, MPN, ki gen plis pase 100 ane eksperyans nan endistri chofaj espas, pral itilize Teknoloji ChillHeat fabrikan Fenlandè Oilon pou kreye yon solisyon ki jenere alafwa dlo cho tanperati ki wo ak vapè. MPN ap devlope yon sistèm pwototip ki ap prezante sou fòm inite mobil pou pèmèt demonstrasyon sou plas.

Chak ekip fabrikan ekipman ak antreprenè yo chwazi pral resevwa yon premye prim 250,000 dola ak posiblite pou l jwenn jiska 750,000 dola adisyonèl pandan y ap franchi etap nan pwogresyon solisyon yo pandan ane k ap vini an. Anplis de posiblite pou yo resevwa yon prim 1 milyon dola, yon total 2 milyon dola pral disponib pou ede finalis yo konpanse depans pou enstale solisyon tankou pwogram pilòt oswa pwojè demonstrasyon nan bilding wo ki elijib nan mache New York la. Nan fen pwogram pri yon ane a, k ap kòmanse an jiyè 2024 ak fini jen 2025, yon gayan pral resevwa yon gwo pri adisyonèl 1 milyon dola, ki baze sou solisyon ki gen pi gwo rediksyon kimilatif emisyon kabòn potansyèl disi 2040 nan mache New York la, avèk objektif pou fasilite plis devlopman ak deplwaman solisyon an nan bilding ki wo yo nan New York.

Kate Frucher, Direktè Jeneral, The Clean Fight, te deklare, "Nou ekstrèmman eksite pou kalib, inovasyon, ak devouman sèt finalis yo pou devlope solisyon chofaj pwòp ki pi fasil pou adopte ki pral ede tout pwopriyetè bilding wo nan Eta New York yo dekarbonize pwopriyete yo. Anplis de sa, sipò patnè demonstrasyon nou yo CBRE IM, Columbia University, ESRT, Fairstead, L+M Development Partners, NYCHA, Rudin, Tishman Speyer, ak Vornado, pou bay finalis yo kòmantè pandan y ap devlope solisyon yo pral asire nouvo klas teknoloji sa a santre bezwen inik pak imobilye ki wo yo nan New York."

Direktè Jeneral Wells Fargo Sustainable Finance & Advisory, Kelly Souza, te deklare "Patwonaj Wells Fargo nan Pri Teknoloji Empire an aliye ak efò kontinyèl nou yo pou sipòte avansman teknoloji inovan yo. Nou felisite sèt konpayi finalis yo rekonpanse jodi a epi nou espere wè ki jan yo travay ak patnè demonstrasyon Pri yo pou montre nouvo solisyon pwodwi yo."

Finansman demonstrasyon 2 milyon dola a pral bay priyorite ak solisyon nan/pou bilding ki nan [kominote defavorize](#) (disadvantaged communities, DAC), jan sa defini nan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik la. Gwoup DAC yo pral angaje yo pou bay finalis yo avi ak kòmantè pou asire solisyon yo ki devlope yo satisfè bezwen kominote yo fèt pou sèvi yo. Avèk apeprè 1.5 milya pye kare nan bilding ki egziste deja ki sèvi ak vapè pou bay okipan yo chofaj, anpil ladan yo gen revni ki ba a modere, yo espere solisyon yo pwopoze yo konsantre sou adopsyon ponp chalè bilding ki santralize nan sistèm bilding ki egziste deja.

Yo te chwazi Clean Fight la kòm administratè pwogram pou Pri Teknoloji Empire a nan mwa septanm 2022 epi li te dirije avèk siksè yon pwogram akseleratè etap kwasans ki baze sou kòwòt pandan kat ane ki sot pase yo. Rocky Mountain Institute (RMI), yon òganizasyon san bi likratif endepandan ki dedye a transfòmè sistèm enèji mondyal atravè solisyon ki baze sou mache, ap bay sipò teknik nan kad konsepsyon pri, ak pwogram.

Patisipasyon Wells Fargo an aliye ak travay kontinyèl konpayi an ap fè nan zafè aksesibilite nan New York ak angajman li pou sipòte biznis li yo, kliyan yo ak kominote yo k ap fè tranzisyon vè yon avni ki rezistan, ekitab ak dirab. Anplis efò filantwopik yo, Wells Fargo gen yon objektif pou deplwaye 500 milya dola nan finansman dirab dis 2030 epi li se pi gwo kreyansye lojman abòdab nan Eta New York.

Bilding yo se youn nan pi gwo jeneratè emisyon gaz a efè sè nan Eta a epi 70 pousan bilding nan Eta New York yo te konstwi anvan adopsyon kòd enèji a epi yo pral bezwen modènize pou yo ka pwogrese vè objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLPCA) Eta a. Pri Teknoloji Empire kontinye lidèchip NYSERDA nan avansman netralite kabòn nan bilding ki egziste deja yo epi li pral apiye sou leson yo aprann nan pwojè ki sipòte atravè 50 milyon dola Empire Building Challenge Eta a, yon patenarya ant NYSERDA ak pwopriyete prensipal byen imobilye komèsyal yo pou pwomouvwa nouvo apwòch konsepsyon pou renovasyon emisyon kabòn ki fèb nan gwo bilding New York yo.

Anons jodi a apiye sou investisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè yo k ap akselere teknoloji emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout ekonomi an. Pwogram inovasyon **NYSERDA** a ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa a soti nan 10 ane, 6 milya dola **Clean Energy Fund** ak Wells Fargo kòm ko-patwonaj pwogram nan ak sipò aplikasyon nan men The Clean Fight ak sipò teknik nan Rocky Mountain Institute.

Plan Klimatik Lidè Nasyonal Eta New York la

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis

2030. ak 85 pousan disisi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektрисite zewo emisyon disisi 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab disisi 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an disisi mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disisi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)